

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa téh mibanda fungsi pikeun komunikasi. Salaku pakakas komunikasi, basa dipaké pikeun ngébréhkeun pikiran, kahayang, pamadegan, gagasan, atawa ideu ti panyaturna, boh sacara lisan boh tulisan. Pikiran, kahayang, gagasan, atawa ideuna bisa ngawujud mangrupa karangan, nyaéta: dongéng, sisindiran, carita pantun, wawacan, novel, carpon, jeung sajak.

Basa minangka salahsahiji unsur nu penting dina hiji karya sastra, lantaran basa minangka bahan, alat, jeung sarana nu ngandung ajén dina ngawujudkeun hiji karya. Minangka hiji unsur nu penting, ku kituna basa mibanda peran pikeun ngungkab sarta nepikeun pesen dina hiji karya sastra.

Pamakéan basa dina wanda karangan di luhur tangtu aya bédana, boh tina jihat léksikon boh tina struktur kalimahna. Contona dina carita pantun. Tina jihat léksikon kekecapan nu dipaké dina carita pantun loba nu arkais upama dibandingkeun jeung karangan wanda anyar saperti novel atawa carpon, kitu deui sabalikna dina karangan wanda anyar loba kekecapan anyar anu muncul balukar ayana akulturasi basa nu luyu jeung kamekaran jaman. Ditilik tina strukturna, kalimah-kalimah dina carita pantun mangrupa kalimah jembar nu diwangun ku sababaraha frasa dina unggal pada sarta mibanda pola kalimah anu khas. Lian ti éta kalimah-kalimahna ngandung gaya basa jeung purwakanti kecap.

Basa dina hiji karya sastra ngandung unsur kaéndahan. Kaéndahan nya éta aspék tina éstétika. Sudaryat (2015, kc. 252) nétélakeun yén unggal karya sastra sok ngagunakeun unsur-unsur basa nu sipatna éstétis, upamana gaya basa. Gaya basa mangrupa *schemes* nu ngadadasaran unsur wangun saperti sora, kecap, jeung kalimah. Gaya basa minangka pameungkeut antara basa jeung sastra, diungkab ku stilistika, kaasup purwakanti (*rima*). Eta ungkara luyu jeung pamadegan Keraf (1980, kc. 99) nu nétélakeun yén gaya basa jeung tulisan minangka salahsahiji unsur anu ngirut dina hiji bacaan. Unggal tulisan ngabogaan gaya nu béda dina midangkeunana. Gaya tulisan dipangaruhan ku nu nulisna. Ku kituna, bisa

disebutkeun yén watek nu nulis mangaruhan pisan kana karya nu ditulisna. Gaya basa nu digunakeun ku nu nulis karya sastra mangrupa cara ngagunakeun basa nu merenah pikeun ngagambarkeun perasaan, kahayang, pikiran nu nulis kalawan béda tur subjektif.

Kalimah basa Sunda dina ragam wacana tangtu mibanda struktur jeung gaya basa séwang-séwangan. Upamana waé struktur jeung gaya basa dina karya fiksi aya bédana jeung karya nonfiksi. Kitu deui struktur kalimah jeung gaya basa dina karya fiksi prosa tangtu aya bédana jeung dina karya fiksi puisi.

Kalimah dina Carita pantun mibanda struktur (adegan) anu béda upama dibandingkeun jeung karya fiksi wangun prosa. Struktur kalimah dina carita pantun mah kawilang kompleks, bisa diwangun ku kecap, frasa, jeung klausa anu runtuyanana jembar sarta ngawangun hiji kalimah nu panjang.

Nepi ka kiwari, umumna panalungtikan kalimah téh leuwih museur kana sumber data nu mangrupa wacana nonfiksi jeung prosa fiksi. Ari panalungtikan anu sumber datana wacana fiksi wanda puisi masih kaitung langka. Eta ogé aya kacatet sababaraha judul nu ngulik kalimah tina wangun puisi, nya éta “Adegan Kalimah Basa Sunda dina Rumpaka Lagu” (Jajat: 2012). Eusi panalungtikanana medar hubungan antar klausa dina rumpaka lagu.

Panalungtikan nu ngagarap struktur jeung gaya basa dina karya sastra puisi saperti carita pantun can kungsi aya. Mémang saméméhna ogé kungsi aya panalungtikan gaya basa dina Hipnoterapi jeung naskah drama. Eta panalungtikan téh nya éta: a) “Pemakaian Bahasa Indonesia dalam Hipnoterapi Kajian Pragmastilistik” (Jatmika Nurhadi., 2013); b) “Naskah Drama Rajapati karangan Ahmad Hadi Uliran Struktural jeung Pragmastilistik” (Zainah Asmaniah, 2015).

Dumasar kana hal di luhur, masih perlu panalungtikan anu ngaguar leuwih jero perkara kalimah dina carita pantun ditilik tina struktural jeung stilistikna. Salah sahiji judul carita pantun nu bisa dijadikeun objek panalungtikan nya éta carita pantun *Gantangan Wangi*, nu ditranskrip ku Sayudi tina carita nu dipantunkeun ku Ki Asom Suksénasaputra (Pringkasap, Subang). Ku kituna panalungtikan nu rék dilaksanakeun nya éta “Kalimah dina Carita Pantun *Gantangan Wangi*” (Tilikan struktural jeung stilistik).

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Panalungtikan kalimah dina Carita Pantun *Gantangan Wangi* (CPGW) bisa ditilik tina wangun, struktur (adegan), jeung stilistikna. Tina jihat wangun, nétélakeun perkara klasifikasina/ golonganana, tina jihat struktur, nalungtik perkara pola kalimahna, sedengkeun tina jihat stilistikna nalungtik perkara wanda gaya basa nu tumerap dina kalimah-kalimah Carita Pantun *Gantangan Wangi*.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah jeung kasang tukangna, ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya di handap:

- a. Wangun kalimah naon waé nu aya dina Carita Pantun *Gantangan Wangi* ?
- b. Kumaha adegan kalimah dina Carita Pantun *Gantangan Wangi* ?
- c. Wanda gaya basa naon waé anu aya dina kalimah Carita Pantun *Gantangan Wangi*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta pikeun manggihan jeung nganalisis kalimah dina carita pantun *Gantangan Wangi* ditilik tina struktural jeung stilistik.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun tilu hal, nya éta:

- a. wangun kalimah dina Carita Pantun *Gantangan Wangi*;
- b. adegan kalimah dina Carita Pantun *Gantangan Wangi*; jeung
- c. wanda gaya basa (stilistik) nu aya dina kalimah-kalimah Carita Pantun *Gantangan Wangi*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan nyaéta méré sumbangan kana kamajuan paélmuan basa, sastra, jeung budaya Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis hususna pikeun panalungtik, guru, siswa, jeung masarakat.

- a. pikeun guru, mangrupa bahan informasi dina ngajarkeun cara-cara nganalisis wangun kalimah, adegan kalimah, jeung gaya basa (stilistik) dina carita pantun;
- b. pikeun siswa, bisa nambahan informasi dina nganalisis wangun kalimah, adegan kalimah, jeung gaya basa (stilistik) dina carita pantun;
- c. pikeun masarakat, bisa numuwuhkeun sikep kana ngamumulé naskah carita pantun minangka hasil budaya nu ngandung ajén atikan; jeung
- d. pikeun nu nalungtik, bisa nambahan pangalaman dina nganalisis kalimah-kalimah carita pantun.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu panalungtikan disusun ku lima bab, kalawan raraga tulisanana saperti ieu di handap:

Bab I nya éta bubuka, anu eusina mertélakeun kasang tukang, watesan, jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II mangrupa ulikan tiori, anu eusina ngadadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun tatapakan pikeun analisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana sajumlahing buku jeung bahan bacaan séjénna.

Bab III nya éta métode panalungtikan, anu eusina mertélakeun perkara métode panalungtikan, desain panalungtikan, nangtukeun data, instrumén panalungtikan, jeung prosédur analisis data.

Bab IV hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa déskripsi jeung analisis data ngeunaan adegan/ struktur jeung stilistik dina kalimah Carita Pantun *Gantangan Wangi*.

Bab V kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan tina hasil analisis anu dipedar dina Bab IV, jeung saran nu dianggap penting pikeun kamajuan panalungtikan saterusna.